



A. PILIHAN GANDA

Pilih hiji jawaban nu bener!

Assalamu'alaikum warohmatullohi wabarokatuh,

Sugrining puji kalih sukur urang sanggakeun ka dzat illahi robbi, Alloh subhanahuwata'ala, anu parantos maparin taofek sareng hidayah ka urang sadaya, maparin nikmat alit nikmat ageung nu taya kandatna dugi ka urang tiasa riung kempel di ieu tempat teu aya sanés anging ku kudrot sareng irodat manten-Na.

Teu hilap solawat miwah salam mugia salamina ngocor ngagolontor ka paduka alam junjungan urang sadaya, nyatana habibana wanabiyana Muhammad SAW., ka sadayana kulawargana, ka para sahabatna, tug tiasa dugi ka urang salaku umatna, mudah mudahan kénging syafa'atul uzhma ti anjeuna engké di yaumul jaza wal hisab, aamiin ya robbal'alamiin.

....

(Prasada Basa kelas IX, Kaca 3)

1. Potongan biantara di luhur téh nyaéta biantara anu ditepikeun ku saurang siswa dina acara paturay tineung. Kalayan éta biantara ditepikeun ku cara macakeun naskah biantara anu geus disiapkeun saméméhna. Metode biantara anu saperti kitu kaasup kana metode

- | | |
|--------------|---------------|
| A. Impromptu | C. Ékstéporan |
| B. Baca | D. Mémoritér |

Para bapa miwah para ibu anu parantos ... kana ieu lawungan, urang sadaya hirup di alam dunya téh moal salawasna, hiji waktu urang bakal ngalaman maot. Saparantosna maot urang sadaya bakal disuhunkeun pertanggung jawaban tina sadaya amalan urang salami hirup di alam dunya.

(Prasada Basa kelas IX, Kaca 5-6)

2. Kecap anu merenah pikeun ngalengkepan eusi biantara di luhur nyaéta:

- | | |
|-----------|------------|
| A. jol | C. dongkap |
| B. datang | D. sumping |

.....

Nu tas babantu ngaruag imahna hariweusweus nyarita ka baturna di masigit, "Kuring mah karunya ka Sanukri na aya milik goreng - goreng teuing. Saenyana mah teu téga milu ngaruag téh ras ka awak sorangan. "

"Salahna sorangan, roranjatan teuing. Eukeur-eukeur reugreug pageuh, maké hayang kaleuleuwihi. Naon cenah geuning, moro julang... Poho deui ! "

"Ngaleupaskeun peusing! "

" Heueuh, moro julang ngaleupaskeun peusing. Mending déwék, balantik minyak leuleutikan, modalna tanggungan jeung taktak. Ka pangeletikan nganjuk, regeyeng diiangkeun, balik siang setor jinis, aya leuwihna dihakan, tibra haté téh. "

(Novel Sudagar Batik, Prasada Basa kelas IX, kaca 41-42)

3. Dumasar kana sempalan novel di luhur bisa katempo yén Sanukri téh saurang jalma anu miboga sipat

- | | |
|---------------|-----------|
| A. sarakah | C. bageur |
| B. resep ulin | D. apik |

....

Rupina mung sakitu nu tiasa didugikeun ku simkuring, bilih aya ungkara basa nu luhur saur bahé carék, bobo sapanon carang sapakan dina cumarios, ka sadayana neda tawakuf anu kasuhun. Nyanggakeun sabrang salayan kalebet cabé mah henteu, nyanggakeun hatur lumayan kalebet saé mah henteu. Amit mundur amit mungkur, wabillahi taufik walhidayah. Wassalamu'alaikum warohamatullohi wabarokatuh.

(Prasada Basa kelas IX, Kaca 5)

4. Nu kaasup kana conto paribasa tina biantara penutup di luhur nyaéta:

- A. *Rupina mung sakitu nu tiasa didugikeun ku simkuring*
- B. luhur saur bahé carék, bobo sapanon carang sapakan
- C. nyanggakeun hatur lumayan kalebet saé mah henteu
- D. ka sadayana neda tawakuf anu kasuhun

*(1) Mawa peti dina sundung
Ditumpangan ku keranjang
Pangarti teu beurat nanggung
Tapi mangpaatna manjang*

*(2) Aron pacampur jeung gigih
Mun didahar kabuhulan
...
...*

5. Upama ditilik tina wangunna sisindiran nomor (1) di luhur téh kaasup kana jenis

- A. Paparikan
- B. Rarakitan
- C. Wawangsalan
- D. Tatarucingan

6. Téks nomor (2) di luhur téh mangrupa cangkang sisindiran. Eusi anu luyu pikeun ngalengkepan sisindiran di luhur sangkan murwakanti nyaéta:

- A. Ulah ngalobakeun ulin
bisi kaduhung ahirna
- B. Niron ulangan kapanggih
Éra teu cukup sabulan
- C. Kudu nyieun kahadean
didasaran niat ihlas
- D. Ngaku ngaku selebritis
hayang dideukeutan mojang

WISATA GARUT

*Garut éndah, kajojo ka mana - mana
Seueur tempat wisataana, ka telah paris Van Java
Garut éndah, juljol para wisatawan
Di cipanas kokojoyan, nu nganjang pada kabandang*

.....

(Prasada Basa kelas VIII, kaca 4)

7. Dumasar kana rumpaka kawih di luhur, ungkara anu henteu luyu jeung kaayaan kota Garut di antarana nyaéta:

- A. Kota Garut téh kota anu endah
- B. Kota Garut téh kasohor ka mana-mana
- C. Kota Garut téh kota anu mencil jauh ka ditu jauh ka dieu
- D. Loba wisatawan anu daratang ka kota Garut

Seni Surak Ibra nyaéta seni tradisional anu lahir di kampung Sindangsari, Desa Cinunuk, Kacamatan Wanaraja, kalayan diciptakeun ku salah sahiji kuwu Cinunuk anu jenenganana Rd. Djajadiwangsa dina taun 1910 M. Mimiti ngadegna seni tradisional ieu ngaranna boboyongan, tapi masarakat sabudeureun nyebutna Surak Ibra. Hal éta dipatalikeun jeung asal muasalna Seni Surak Ibra anu diciptakeun ku Bapa Ibra dina taun 1900-an di Kampung Ciloa, Desa Wanakerta, Cibat.

(Artikel Surak Ibra, Prasada Basa kelas VIII, kaca 56-57)

8. Dumasar kana pedaran di luhur, Seni Surak Ibra téh minangka seni tradisional asli Kabupatén Garut anu mimiti ngadegna mah ngaranna téh

- | | |
|--------------|-----------------|
| A. Sisingaan | C. Boboyongan |
| B. Réog | D. Seni Ngibing |

ELING ELING DULUR KABÉH

Eling - eling dulur kabéh

Ibadah ulah campoléh

Beurang peuting ulah weléh

Bisina kaburu paéh

Sabab urang bakal matig

Nyawa dipundut ku Gusti

Najan raja nyakrawati

Teu bisa nyingkiran pati

Karasana keur sakarat

Nyerina kaliwat - liwat

Kana ibadah diliwat

Tara ngalakukeun solat

Kaduhung liwat kalangkung

Tara nyembah ka yang Agung

Sakarat nyeri kalangkung

Jasadna teu beunang embung

(Prasada Basa kelas VII, kaca 102)

9. Eusi pupujian di luhur teh ngelingan yen sakabéh manusa ...

- A. bakal maot iraha waé
B. sangkan getol nyiar élmu
C. sangkan hirup kudu silih tulungan
D. sangkan daék néangan rejeki.

Boro-boro jalmana, dalah iteukna ogé keur Nyi Endit mah matak ngaganggu. Ngan ceg baé éta iteuk téh dicekel tuluy dicabut. Tapi kacida ngarenjagna manéhna, basa ningali tina urut iteuk nanceb téh ngaburial cai gedé pisan. Nyi Endit undur - unduran.

Beuki lila cai nu ngaburial téh beuki ngagulidag sarta beuki gedé. Malah antukna ngeueum sakur nu aya di dinya. Mimitina semet mumuncangan, naék kana tuur, ngeueum dada, sarta tuluy salaput sirah. Nyi Endit teu kaburu nyalametkeun dirina jeung rajakayana anu ngagunung. Kabéh kakeueum, sarta urutna jadi situ anu kacida legana. Éta situ katelah situ Bagendit, dicokot tina ngaran Nyi Endit.

(Dongéng Situ Bagendit, Prasada Basa kelas VII, kaca 62)

10. Carita di luhur téh mangrupa sempalan tina dongéng sasakala Situ Bagendit. Nilai moral nu nyampak dina sempalan dongéng di luhur nyaéta:

- | | |
|--|---|
| A. Kudu pengkuh kana pamadegan nu bener. | C. Kudu nyaah ka sasama, ulah miboga sipat pelit. |
| B. Kudu narima kana takdir ti Alloh swt. | D. Kudu inget ka pangeran di mana waé ayana. |

B. BENER ATAWA SALAH

Pilih BENER atawa SALAH dumasar kana pernyataan di handap!

TEKS 1 (Pikeun soal nomor 12)

KAMPUNG ADAT DUKUH

Kahirupan anu aya di Kampung Dukuh kacida pisan basajanna boh dina widang wangunan imah, pakéan, basa, nepi ka tingkah jeung paripolah hirup sapopoé. Lamun urang rék datang ka éta kampung perlu apal kana pantrangan atawa hal anu dianggap pamali dilakukeun di kampung Dukuh, saperti lalaki jeung awéwé anu lain muhrim ulah deukeut teuing dina campur gaul, ulah nyarita waktu keur dahar, kudu maké baju polos waktu jarah. Lian ti éta ogé pantrangan ulah nyanghunjar ka beulah kalér, lantaran di beulah kiduleun éta kampung aya makam karomah ulama jumhur anu jenenganana Syéh Abdul Jalil anu mangrupa juru kunci jeung cikal bakal ngadegna Kampung Dukuh. Éta pantrangan dilakukeun pikeun ngahormat ka Syéh Abdul Jalil. Unggal poé Saptu warga Kampung Dukuh rotin jarah ka makam karomah anu dipingpin ku sang Kuncén (Juru Kunci). Aya ogé pantrangan waktu jarah di antarana kaum wanoja nu keur héd teu meunang jarah, teu maké perhiasan, jeung sajabana. Masarakat di éta kampung masih ngagem kapercayaan ti karuhunna, pamali lamun teu ngalaksanakeun éta tradisi.

(Prasada Basa. MGMPBS Kab. Garut. Kaca: 22-23)

TEKS 2 (Pikeun soal nomor 13 jeung 17)

SADAR KU SORANGAN

(Évie Nuraéni)

(1)

KACARITAKEUN AYA BARUDAK ANU RESEP ARTIS KORÉA, BASA GAULNA MAH NGA-FANS KA ARTIS KORÉA, ÉTA ARTIS TÉH ARÉK KONSÉR DI INDONÉSIA, MANÉHNA HAYANG NONGTON ÉTA KONSÉR TAPI TEU BOGA DUIT JEUNG MANÉHNA RÉK NYANGHAREUPAN UJIAN.

KACARITAKEUN DI SAKOLA.

(2)

- Bu guru : Kadé barudak ulah poho ayeuna mah kudu ngapalkeun, eureunan heula ngoprék HP, pikiran rék ujian dua bulan deui.
- Barudak : Muhun buuuu... !!!
- Bu guru : Ulah kawas si Léha tah pagawéanna téh malaweung waé, nya Léha ? (Léha bari dialungan kertas)
- Titin : Léha ...! **(BARI NEPAK SI LÉHA)** (3)
- Léha : **(REUWASEUN)**, Naon buu ?
- Bu guru : Teu, geus ayeuna mah bagéan istirahat, kadé ulah poho eureunan tah éta ulin !! Assalamu'alaikum.
- Barudak : Wa'alaikum salam.

(4) (Nuraéni, Évie. Prasada Basa. MGMPBS Kab. Garut. Kaca 87)

TÉKS 3 (Pikeun soal nomor 14)

SISINDIRAN (1)

Mawa peti dina sundung
Ditumpangan ku keranjang
Pangarti teu beurat nanggung
Tapi mangpaatna manjang

SISINDIRAN (2)

Meuncit meri dina rakit
boboko wadah bakatul
Lain nyeri ku panyakit
kabogoh direbut batur

SISINDIRAN (3)

Belut sisit saba darat
kapiaray siang wengi

No	Soal	BENER	SALAH
11.	Nalika hidep dipeto pikeun nepikeun biantara Paturay Tineung, bisa ngagunakeun métode impromptu sangkan hasil biantarana alus.		
12.	Dumasar TEKS 1 di luhur, sawatara pantrangan nalika rék jarak nu aya di Kampung Dukuh téh nyaéta teu meunang maké perhiasan jeung ulah maké baju anu aya gambaran.		
13.	Latar tempat jeung waktu nu kagambar tina sampalan drama TEKS 2 nyaéta di sakola saacan istirahat.		
14.	Diantara 3 sisindiran di luhur, sisindiran wawangsalan dituduhkeun ku nomor (2) sabab murwakanti di awal jeung tungtung kalimah.		
15.	 . Aksara Sunda di gigir dibaca SAKOLA.		

C. NGAJODOKEUN

Pilih jawaban di katuhu nu cocok jeung pernyataan di belah kénca!

Baca pikeun ngajawab soal nomor 16!

Rupina mung sakitu nu tiasa didugikeun ku simkuring, bilih aya ungkara basa nu luhur saur bahe carek, bobo sapanon carang sapakan dina cumarios, ka sadayana neda tawakuf anu kasuhun. Nyanggakeun sabrang salayan kalebet cabé mah henteu, nyanggakeun hatur lumayan kalebet saé mah henteu.

(Prasada Basa kelas IX, Kaca 5)

16.	Dumasar téks di luhur, aya paribasa ... anu miboga harti aya kekecapan nu nganyerikeun haté.	☐ A. Rarakitan
17.	Drama téh diwangun ku sawatara unsur; prolog, dialog, epilog. Dumasar TEKS 2 di luhur, anu nuduhkeun prolog jeung dialog sacara ngaruntuy nyaéta nomor ... jeung ...	☐ B. Awéwé nu hideung
18.	<i>Sing getol nginum jajamu nu guna nguatkeun awak Sing getol néangan élmu nu guna dunya ahérat</i> Sisindiran di luhur miboga purwakanti di awal jeung ahir unggal padalisanna, ciri-ciri éta nuduhkeun sisindiran wangun ...	☐ C. Paparikan
19.	<i>Moal ngejat sanajan ukur satapak geus dipasti ku jangji mun tacan laksana numpes musuh sarakah henteu niat seja balik</i> Guguritan di luhur ngagunakeun pupuh Durma kalayan guru lagu jeung guru wilangan ...	☐ D. (1) & (3)
20.	PRIANGAN –(Rahmat M.Sas Karana)- <i>Mojang lenjang nu hideung santen Diaping srangéngé ti énjing dugi ka sonten</i> ... Tina sampalan sajak di luhur katawis aya kecap mojang lenjang anu sacara denotatif mah hartina awewe anu awakna jangkung leutik. Tapi harti konotatifna dina sajak éta mah nyaéta ...	☐ E. 12a, 7i, 6a, 7a, 8i, 5a, 7i
		☐ F. Tatar Sunda
		☐ G. (1) & (2)
		☐ H. luhur saur bahé carék

D. URAIAN

21. Susun kalimah di handap sangkan jadi kalimah bubuka Biantara kalayan sampurna!
- Hapunten sateuacanna sim kuring pun Endang Sutrisna salaku wawakil kelas 9, baris ngadugikeun biantara ngeunaan paturay tineung.
 - Puji sinareng sukur urang sanggakeun ka dzat Illahi Robbi, Alloh swt, anu parantos maparin taofik sareng hidayahna ka urang sadaya.
 - Bapa miwah ibu guru nu dipihormat, sareng réréncangan sadaya nu dipikacinta. Alhamdulillah urang sadayana tiasa riung mungpulung di ieu patempatan dina raraga Paturay Tineung Siswa-siswi Kelas IX taun ajaran 2022-2023.
 - Solawat miwah salah mugia salamina ngocor ngagolontor ka paduka alam jungjungan urang sadaya, nyatana Kanjeng Nabi Muhammad Saw.

Titénan gambar dihandap!



<https://budaya-indonesia.org/Leuit>



<https://id.pinterest.com/pin/385128>

22. Gambar di luhur mangrupa salah sahiji wangunan anu aya di sawatara kampung adat. Cobi sebutkeun naon ngaranna jeung keur naon fungsina!

Saban latihan, méméh ngong ngahariring Nia mah geus pasti lumpat ngurilingan lapang upacara. Ti dinya kakara latihan ngahariring. Ngapalkeun lagu wajib. Pa Yana ngabandungan. Mun aya nu kudu dilelempeng, Pa Yana sok terus méré conto kumaha anu merenahna. Enya, sok karasa jadi leuwih alus sanggeus dilelempeng ku Pa Yana téh. Kitu jeung kitu ti latihan mimiti tepi ka latihan nu kagenep téh. Geus biasa deuih, Resti mah kedul latihan. Rajeun latihan sok mawa karep sorangan. Hésé dilelempengna. Tara nurut kana papagah Pa Yana.

...

Hasilna nalika ngiluan pasanggiri kawih katitén pisan. Nia mah jadi pinunjul kahiji, sedengkeun Resti mah boro-boro asup tilu besar. Manéhna éléh alatan nyanyina kurang rapih.

(Novel Béntang Hariring, karya Dian Hendrayana, kc.27)

23. Diantara unsur intrinsik novel, salasahijina nyaéta amanah atawa pesen nu rék ditepikeun ku pangarang kanu maca. Jelaskeun naon amanah tina sempalan novel di luhur!

Pamungkas sim kuring neda ka Nu Maha Kawasa, mugia ieu pun anak nu badé ditikahkeun sing runtut raut sauyunan, ka cai jadi saleuwi ka darat jadi salogak, lulus banglus, apanjang apunjung, parek rizkina, pait daging pahang tulang, jatnika salawasna, sing ngahiji lahir batinna, rumangkep ti dunya dugi ka ahérat.

(Prasada Basa,. Kaca 64-65)

24. Dina téks di luhur katawis aya sababaraha babasan jeung paribasa nu digunakeun. Sebutkeun dua kalimah nu mangrupa babasan jeung dua kalimah nu mangrupa paribasa!
25. Salin téks aksara Sunda di handap kana aksara Latén!

a) *ᮊᮥᮒᮥ ᮘᮥᮕᮥᮒᮥ*

b) *ᮊᮥᮒᮥ ᮘᮥᮕᮥᮒᮥ*